

ABSTRAK

PT. Perkebunan Nusantara VIII (Persero) mangrupa salah sahiji pausahaan pamarentah anu widang usahana agribisnis. Panalungtikan dilakukeun pikeun mikanyaho kaayaan tata harta (keuangan), tingkat likuiditas sarta hal-hal anu mangaruhan tingkat likuiditas pausahaan.

Pakakas (metode) anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaeta pakakas (metode) deskriptif analisis kalawan make teuleuman kasus. cara ngumpulkeun bahan (data) anu dipake nyaeta cara (teknik) observasi non partisipan, teknik wawancara anu dipake struktur jeung teknik pabukon (kapustakaan). Teknik analisis data anu dipake nyaeta analisis horizontal jeung rasio tata harta (keuangan) nyaeta rasio likuiditas.

Dumasar kana data anu kapanggih tina hasil panalungtikan yen dina jero lima periode kapanggih hasil sarupa kieu: dina neraca umumna ngaronjat, ngan dina bahagian hutang lancar ngalaman turun unggah (fluktuatif), sedengkeun dina aktiva lancar undakna unggal tahun. Hasil teuleuman dina rasio likuiditas dina rasio lancar (*Current Ratio*), rasio kas (*Cash Ratio*), rasio cepat (*Quick Ratio*), rasio kas atas aktiva lancar, rasio kas atas utang lancar, rasio kas aktiva lancar dan total aktiva ngalaman turun unggah dina unggal taunna. Hal anu mangaruhan tingkat likuiditas nyaeta keur internalna, kas anu turun unggah, sasadiaan anu numpuk, waragad nu terus ngaronjat jeung hutang anu can kabayar, sedengkeun eksternalna nyaeta ayana piutang anu can katagih jeung pesaing anu nungtut pausahaan bisa meunangkeun pangsa pasar.

Sawatara kamandang anu bisa diungkara keur ku panalungtik diantarana nyaeta diharep bisa ngandalian nepi ka beubeunangan pausahaan teu ngan ukur digunakeun keur ngabiayaan wungkul, tapi oge bisa keur mayar sabahagian kawajiban jeung pausahaan oge sakuduna bisa nagih ka piutang ka nu baroga hutang ka pausahaan bisa nambah, sangkan hancengan waragad pausahaan bisa nambahan.

Kecap Konci: Rasio Keuangan